ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЪАПЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№38-39 (22.447) • 2013 гъэм мазаем (февралым) и 28, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 6-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КIэкIыхъу М.Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэриIэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын **КIэкIыхъу Мэжид Хьэрун и къуэм** - «Тенджызы ФIыщIэм Iус шапсыгъэм (адыгэхэм) я «Адыгэ Хасэ» зэгухьэныгъэ» Краснодар крайм и жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мазаем и 27-м
№24-УГ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Мэздэгу Адыгэ Хасэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм гуапэ къыщыхъуи КIэрахъуэ Мэжид КъБР-м и цIэ лъапIэр зэрыгъэфэщаг икIи узыншагъэ быдэ иIэу адыгэ лъэпкъым иджыри илъэс куэдкIэ хуэлэжьэну йохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ щыIэ комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 21-м №41-П-П

Сабийхэр щхьэрыуГыпIщу щымытынымрэ балигъ мыхъуахэм хабзэр къызэпамыдынымрэ ехьэлIа Iуэхуэхэр зэгъэуIуауэ дагъэкIыж, абыхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сабэп зыхэлъхэмрэ къызэгъэпэщын murадкIэ, «Балигъ мыхъуахэр щхьэрыуГыпIщу щымытынымрэ абыхэм хабзэр къызэпамыдынымрэ ехьэлIауэ лэжьакIуэхэм я лъабжьэхэм ятеухуауэ» 1999 гъэм мэкъуаугъуэм и 24-м къащта Федеральнэ закон №120-ФЗ-м, «Балигъ мыхъуахэр щхьэрыуГыпIщу щымытынымрэ абыхэм хабзэр къызэпамыдынымрэ ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щалэжьыныгъэхэм я лъабжьэхэм ятеухуауэ» 2001 гъэм накъыгъэм и 25-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №45-РЗ-м, «Балигъ мыхъуахэм я IуэхуэхмкIэ комиссэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъумэнымкIэ, балигъ мыхъуахэм я IуэхуэхмкIэ, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэхэр къызэгъэпэщыным икIи гъэлэжьэным хуэгъэзауэ щыIэ унафэр зезыгъэкIуэ органэм къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным хуэгъэзауэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы Унафэм щыIыхуэ:

Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ комиссэм теухуа Положенэр;

Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ комиссэм хэтхэр.

2. Къару ямылэжу къэпльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэу мы къыкIэлыкIуэхэм:

«Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ведомствохэм зэдай комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Правительствэм 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкIа Унафэ №153-м зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэхмкъ» №329-м щIэту 2002 гъэм щыщхьэIум и 3-м къащтам;

«Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ ведомствохэм зэдай комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Правительствэм 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкIа Унафэ №153-м зэхъуэкIынымгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» №88-ПП-м щIэту 2011 гъэм гъатхэпэм и 24-м къащтам.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Г.А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ МАРЬЯШ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мазаем и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №41-ПП-мкIэ къыщIащ

Балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж щыIэ комиссэм хэтхэр

Портэ Г. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIу)*

Сэмэн П. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкIэ и министрыр *(комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр *(комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

АфIэуна А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр

Гаевэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Дол А. З. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Карчаева А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Къуэщыкокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщIыр

Къумахуэ М. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхубз хьыбарегъащIэ IуэхуэщапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къэлэнкэр зыгъэзащIэр

Къумыкъу А. М. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм гъэсэныгъэмрэ социальнэ IуэхуэхмкIэ и проректыр *(зэгурыIуауэ)*

Пашевкин О. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узынщагъэр хъумэнымкIэ IуэхуэщапIэм и дохутыр нэхъыщхьэр

Соловьев Н. Г. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъыныmkIэ и федеральнэ къулыкъущапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тату Къ. Б. - къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Текуев А. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIыр *(комиссэм жуэл зыхь и секретарщ)*

Тхьагъэладж З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэхуэхэр лэжьапIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал комитетым и унафэщIыр

Тхьагъэладж Т. Л. - «Афганистаным, щIыпIэ пыухыкIахэм щекIуэкIа зауэхэм, дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуауэ)*

Шыбзыхъуэ Н. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и студентхэм я профсоюз комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шыпш А. М. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм къэралымрэ хабзэмрэ я теориемрэ тхьдэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыщхьэ, «Урысейм и юристхэм я ассоциацэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щыдэлъ юрист ныбжьыщIэхэмкIэ и советым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЪЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхъэзырым теухуа хъыбархэм фыщытyуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Дохутырхэм я Iэзагъэм хагъахъуэ

• ЗэIущIэхэр

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщри, иджыблагъэ екIуэкIащ бзылъхугъэ уэндэгъуэхэмрэ сабий къалъхуагъащIэхэмрэ ятеухуа щIэныгъэ-практикэ конференц. Абы къыраГъэбГэгъащ Акушерствэмрэ педнатриемкIэ Ростов къалэ щыIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Линде Викторрэ я Iуэхуэщапl эм и дохутыр нэхъыщхьэм педнатриемкIэ и къуэдзэ, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Логиновэ Иринэрэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр **Шэт Ирмэ**. Къызэхуэсахэм защыхунГаазэм, абы къыхигъэщащ республикэм узыншагъэр хъумэн и Iэнатlэм иужьрей илъэхъэм зэхъуэкIыныгъэфIэхэр зэрыщекIуэкIыр, Iуэхур адэкIэ ефIэкIуэнымкIи мурад пыухыкIа зэрагъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ псом нэхъыр нэхъыщхьэу министрым кIиГъэтлъэгъуащ дохутырхэм я Iэзагъэм, зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIи жиIащ диГэнкIэ щIэх-щIэхыурэ мыпхуэдэ зэIуущIэхэр къыхэзыгъэгагъэпэщынур, адрей хэгъуэгурэм щыпсэу Iэщагъэлъэпкъмрэ ди дохутырхэмрэ лэжьыгъэ и пIалъэкIэ, я Iуэху епГыкIэ хэмкIэ зэхъуэжьнымкIэ ар хэкIыпIэфIу зэрыщытыр.

- Республикэм и унафэщIхэм зыхуагъэувыжа кьалэнхэм ящыщщ цIыхуэхэм ягъуэт медицинэ дзЕплъкъуэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэныр, - жиIащ Шэт Ирмэ. - Ятеп игъэщIпхъуэ кьоув анэхъунуэмрэ сабий кьалъхуагъащIэхэмрэ хуащIэ Iуэхугъэхъбзэхэр егъэфIэкIуэныр, абыхэм гулытэ нэс егъэгъуэтныр. Кьапщтэмэ, а уиятныныгъэм екъулIэныгъэ гуэрэхэр щыдиIащ. Апхуэдэу лъхугъэм иIыкI бзылъхугъэхэмрэ дунейм екIуэкIий-хэмрэ я бжыгъэм хэщIащ, зи хъэльтагъар мащIэу кьалъхуа цIыкIуэхэм зэрыкIэлъыпIэ Iэмалыщхэхэр кьалъхэсабэп. Iуэхуэщапl эхэр зыхуеину Iэмэпсымэхэмкl э нэсу кьызэгъэпэщащ.

КьраГъэблэгъа хьэщIэхэм адэкIэ утыкур хуит хуащIри, абыхэм республикэм и дохутырэр щагъэзгъэуэзащ нужьрей илъэхэм гинекологие, неонатологие (сабий кьалъхуагъащIэхэм ятеухуа щIэныгъэ) унэтIныныгъэхэм кьыщыхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэм, абыхэм я лъэныкъуэкIэ медицинэр зыужьыныгъэщIэхэм зэрыхъуэкIуэм.

ЗэIущIэ нэужьым **Линде Виктор** республикэм и Бернатальнэ центрым щыIащ. Iуэхуэщапl эм и унафэщI **Подзныковэ Татьянэ** щIэныгъэлIым хуиIуэтащ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр, центрри къыГегъэпсыхьащ. Ильэгъуаехэмрэ зэхихамрэ къызэрыщыхъуэм и гугъу щищыжым, Линде Виктор жиIащ Iуэхуэщапl эм и лэжьыгъэм хатхъа зэхъуэжьныныгъэхэр тэмэму къызэрилъытIэр, иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ центрыр фIы дыдэу къызэрызэгъэпэщари къыхигъэщащ.

ЩхьэщэмышI Изэ.

• Пресс-конференцхэр



Iуэхущапl эм и унафэщI Пщынщэ Къазбэч къопсалъэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Хьэрхуэрыгъэр - захуагъэ хэлъу

Урысейм и Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущапl эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Управленэм и унафэщI Пщынщэ Къазбэч мазаем и 21-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцым щызэхилъхьажащ а Iуэхущапl эм нэгъабэ зэфIигъэкIаХэр, апхуэдизу мы гъэм къапэщыт къалэнхэр щигъэбелджылащ.

АБы къызэригъэлъэгъуамкIэ, гъэ кIуэм къэрал унафэкIэ я лъэкIыныгъэм хагъэхъуащ, я зэфIэкIымрэ лэжьыгъэкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ зрагъэубГуащ. Апхуэдэщ нэгъабэ и щыщыпэм къару зыгъэуэта «Ещанэ антимонопольнэ пакет» жьыуаIэр. Абы хабзэм ебакъуэхэм зэрадэлажьэ щыкIэр игъэлъащащ. Кьапщтэмэ, рынкым бжьыпэр щызыIыгъ Iуэхущапl эм хабзэм щхьэзыфIэфIагъ хильхьэмэ, ар пылъэу къыззэпадыну хуитщ. Хуагъэуза пIалъэм кьыпIалъэу ныскъуэныгъэр имыгъэзэкIуэжмэ, антимонопольнэ Iуэху къыхуэзIуах.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и антимонопольнэ управленэм и лэжьыгъэм лъэныкъуэ куэд къызэщIеуфыщэ. Хьэрхуэрыгъэм и Iэмалхэм зегъэужьыным, монополистхэм я IуэхущIафэр къыжьэдэкIуэным икIи къызэпыудыным теухуа къэрал политикэр пхыгъэкIыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI. Къызэрызэрагъэпэщрэ дакIа илъэс 20-м щIигъум къыриубыдэу зыкуIэкъуэр хьэрхуэрыгъэр захуагъэ хэлъу зыунэтI хабзэхэмрэ Iэмалхэмрэ зэтегъэувэнырщ. Ар икъуэкIэ кьалэнышхуэщ. Гугъуехь куэд зыпылъхэм ящыщщ рынокым хэтхэр Iуэхуэхьэхэ Iэнатlэхэм я реестрым хагъэхьэнырщ. Щапхъэхэр машIэкIым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Интернет сетым пыщIа Iуэхутхьабзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм хьэрхуэрыгъэ Iэмалхэмкlэ зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъа нэужь, а рынокым процент 35-м щIигъу зи Iыхьэу хэлъ «Ростелеком» обществэр антимонопольнэ управленэм Iуэхуэхьэ Iэнатlэхэм я реестрым хигъэхьащ. Абыкlэ мыарэзыуэ КъБР-м и Арбитраж судми, ЕпщIыкIуанэ арбитраж аппелящэ судми, Кавказ ИщхъэрэфедеральнэкIэ округым и Федеральнэ арбитраж судми ар тхылъкIэ хуэтхьэусыхати, антимонопольнэ управленэр захуэу къыщалъытащ, и унафэми арэзы щытекIуащ. ФАС-м и республикэ къудамэм быдагъэр ткIиягъэр хэлъу и пщэрыпхъэр зэригъэзащIэм щыхьэт техъуа апхуэдэ щапхъэхэр машIэкъым.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

• Май щIынатlэ

Бжьамийхэм йолэжь

2013 гъэм и яп1э мазэм къриубыдэу Май щIыналъэм дэжьагъэ къущIафIэ зыбжанэ къыщIахъэнащ.

«МАЙСКИЙ водоканал» ООО-м и лэжьакIуэхэм Энгельс, Калининым, Некрасовым я цIыкIэ щыIэ уэрамхэм ирихIуэ псы бжьамийхэр зыхуей хуагъэзащ. Абыхэм яхэтт жьы зэрыхъуам къыхэкIыу псыр щIэх-щIэхыурэ къызыщиудхэр. Кьалэ кIуэцIым и мызакъуэу, зэгъэпэщыжьынитIэ лэжьыгъэхэр районым и псы зэхуэхьэсыпIэ нэхъыщхьэмэ къыщрахьэлIащ: насосхэр, псы зэхуэщIыпIэхэм хэлъ пкъыгъуэхэр щIэкIэ яхъуэжащ, пыскъуийуэ Э-м гъэбыдапIэхэр хуащIащ. Лэжьыгъэхэм адэкIэ пащэнущ.

• Налшык

Дэфтэрхэр ират

Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытыныкIэ дэфтэрхэр зи ныбжьыр илъэс 14 мрикъуэ кьалэрэс ныбжьыщIэхэм Налшык кьалэ администрацэм мы махуэхэм щратащ.

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и Iэпхъуэщэхъуэным кIэлъыплъ къулыкъуэм и Iэнатlэу КъБР-м щыIэм, щIыпIэ самоуправлением и кьалэ советым, администрацэм я лIыкIуэхэр.

Дэфтэрхэр зрата ныбжьыщIэхэм ахэр ахъэзэхуауэ ди къэралыр, лъахэр, адэ-анэхэр зэрыгушхуэн цIыху нэс, ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм телажьэн щIэблэ хъунхэу.

Гупытэ зехуащIа ныбжьыщIэхэм Налшык кьалэ администрацэм щIалэгъуалэ Iуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и кьудамэм кьыбГэгъэкIыу тыгъэ хуащIащ Хаку заушхуэм и ветеран, Налшык кьалэм щIыхь зиIэ и цIыху Полищук Иван и «Жизнь прожить - не поле перейти» тхылъыр, ди кьалащхьэм и картэр, блокнотхэр.

НыбжьыщIэхэмэ Урысей Федерацэм и цIыхум и щIыхьыр зыхуэмэну, ди республикэми къыщалъхуа кьалэми щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтыну псалъэ ятащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

• Хьэрхуэрыгъэр - захуагъэ хэлъу

Хьэтуей къуажэм дэт курыт еджапIэм кьепха, зи школ кIуэгъуэ нэмысахэр зэкIуалIэ кьудамэр зэрагъэпэщыжащ.

Ар зэгъусэу ирагъэкIащ сабий гъэсапIэм и лэжьакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ. Ильэс кIуам Iуэхущапl эм пластикым къыхэщыкIа щхьэгъубжащIэхэр халъхьащ. Мы гъэм адэ-анэхэр зэгурыIуэри, сэыхэм я мыльку кIэ гъуэльыпIи 10 кьащэхуащ.

Мы кьудамэм щIыху 30-м нэс щолажьэри, зы ильэс къыльыкъущIэхэм я лIыхъужьыгъэм и гугъу студентхэм щахуищIри, Керри кьыхигъэщащ абыхэм дунейм и щIыпIэ куэдым демократие зэхущытыкIэхэр зэрыщыхапщэр, цIыкIуэхэр хуиту псэунымкIэ зэрадэIэпыкьуР. Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщ кьыхьыну хуежьэри, абы я щIэ кьриIуащ «Кьырзахъстан», Куржы кьэралхэм.

КьыбГурыIуэ зэрыхьунумкIэ, США-м и къэрал секретарым зэхэгъэзэрыхьхри, Азие Курытым хиубыдэ Кьыргъызыпмрэ Къэзахстанымрэ зэгуигъэхьащ, «Кьырзахъстан» къэралыщIи «кьигъэхьащ».

• Дунейм щыхъыбарэхэр

Дзпэкlи дзэм къулыкъу зэрыщащIэнур зы илъэсщ

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ къэралым ЗыхьуэжьныныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием.

Абы зыщытепсэлъыхьыхьэм ящыщщ дзэм къулыкъу зэрыщащIэ пIалъэм хэгъэхьуэн-хэмыгъэхьуэныр. «Кьулыкъу ящIэну кьащIтехуэ ныбжьым нэсу ираджа щIалэхэр, нэхьапэмэ хуэдэу, дзэм зэрыхьэтыныр мазэ 12-щ нэсу абы зэхъуэжьныгъэ игъуэтныкъым», - жиIащ Путиным. Абы кьикIыр зэгурыIуэныгъэ иращIылIэу дзэм хагъэхьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хьуну аращ.

Кьэрал унафэщым апхуэдэу министерствэм кьалэн щищащ Iэщэкlэ зыхэщIэуэзэдэным хуэунэтIа программэм ткIийуэ тетыну, зыхуей техникэхэр кьыщIэзыгъэкI Iуэхуэщапl эхэм быдэу ящыщIауэ ядэлэжьэну.

Хуитныгъэри къыхэзыгурыIуэщ

США-м и къэрал секретарь Керри Джон къыхэриIыхьэмкIэ, «Америкэм фыщыпсэумэ, фымыгубгъыгъэ дыщэу фэ зытегъэуэнуми фыщыхуитщ».

«Абы и щхьэусыгъуэри хуитныныгъэрщ», - къыщыхигъащащ къэрал департаментым и унафэщым и къэпсэльэныгъэхэм ящыщ зым.

Ар «псальэхуэIэзэу, жьаблэу» зэрыщытыр тхьэмахуэ кIуами къыщигъэльэгъуащ Вирджиние штатым. Щэхурылажь? Iуэхущапl эхэм я къульыкъущIэхэм я лIыхъужьыгъэм и гугъу студентхэм щахуищIри, Керри кьыхигъэщащ абыхэм дунейм и щIыпIэ куэдым демократие зэхущытыкIэхэр зэрыщыхапщэр, цIыкIуэхэр хуиту псэунымкIэ зэрадэIэпыкьуР. Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщ кьыхьыну хуежьэри, абы я щIэ кьриIуащ «Кьырзахъстан», Куржы кьэралхэм.

КьыбГурыIуэ зэрыхьунумкIэ, США-м и къэрал секретарым зэхэгъэзэрыхьхри, Азие Курытым хиубыдэ Кьыргъызыпмрэ Къэзахстанымрэ зэгуигъэхьащ, «Кьырзахъстан» къэралыщIи «кьигъэхьащ».

Узым зиубгъыщи къегъэувыIэ

Пыхуэсыхум и лIэужьыгъуэ псоми пэльэщын хущIыхуэ зэхэлъхьауэ жаIащ щIэныгъэлIхэм.

Къэхутэныгъэхэр езыгъэзыгъэкIар Бат (Инджылиэ), Британием и Колумбие (Канадэ) университетхэм я щIэныгъэлIхэмрэ СSIRO (Австралие) къэрал щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьакIуэхэмрэщ. Пыхуэсыхур щыхъуи и клеткэ уэршынэхэм «якIэрыпщIэныжьмкIэ дэIэпыкьуэгъу хьу» пкъыгъуэм пщIоувэ хущхьэщIэр нкIи вирусым зиубгъыщи кьеГъэувыIэ. ЩIэныгъэлI Дженни Маккиим-Брешкин щэч кьытрихьэркъым, зэман дэкIэ пыхуэсыху лIэужьыгъуэхэм захъуэжми, хущхьэщIэр абыхэми зэрапэльэщыпхъэм.

Реленэзэ зыифIащэ препаратыщIэм и зэфIэкIым дохутырэр кIэлъопль. Абы зэман мащIэ текIуэдэнукъым - хущхьэщIэр щыхъуэжьэ куэду кьыгъэсэбэп щыхъунур ильэси 6 - 7 дэкIмэщ, жаIэ щэныгъэлIхэм.

Мы махуэхэм

Мазаем и 28, *махуэку*

t МащIэрэ фIэкIа уэрямыхьэлIэ узыфэхэм я европей махуэщ

t 1555 гъэм Нострадамус и тхылъ щэрыуэр кьыдэжащ.

t Мазаем и 28 - гъатхэпэм и 2-хэм Берлин (Германие) щекIуэкIынущ хьэрычэтым хэт бзылъхугъэхэм я зэхуэсышхуэ.

t УсакIуэ-уэрэдус Къанкъул ФIыцIэ къызэралъхурэ ильэс 76-рэ ирокъу.

t УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сонэ Абдулэрим и ныбжьыр ильэс 71-рэ ирокъу.

t Уэрэджы IакIуэ Уэтэр Муэед и ныбжьыр ильэс 56-рэ ирокъу.

t Мэумэщ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и ректор, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Жэрыкъуэ Борис къызэралъхурэ ильэс 55-рэ ирикъунут.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 - 2 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 1, *мэрем*

t Граждан зыхьумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ

t Забайкальскэ крайм и махуэщ. Читинскэ областымрэ Агинскэ, Бурятскэ автономнэ округхэмрэ зэхагъэхьэри, 2008 гъэм къызэрагъэпэщащ крайр.

t Америкэм щыщ Шоулэ Лэтем 1873 гъэм яп1э дыдэу утыку кьырихьащ щIадза нэжь, ар яп1эу къэзыщIэхуахэм ящыщщ тхьэгъэ Твен Марк. Абы тхьэгъэ я ныбжьыр гъэр «Приключения Тома Сойера» роман цIэрыIуэрщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 8, жэщым 4 - 5 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариэтщ.

Лъэпкъ Iуащигъэ:

Бжьэ зыдэсым фо дещIэ.

Ди республикэм и жылагъуэхэм гъатхэм кьапэплъэ лэжьыгъэхэм ящыщ зыуэ кьокIуэкI щIыпIэхэр зэщIэгъэкъэбзэныр.

ЩАПХЪЭ зытрахым хуэдэу мы Iуэхур щызэфIыхьащ Бабугент кьуажэм.

Жылагъуэ администрацэм и Iэтащхьэ Османов Мыхьутар зэрыжиIэмкIэ, Бабугент и щIыпIэхэр нэхъ дахэхэм хабжэ. Абы кьыхэхIыу щIэх-щIэхыурэ зыплъыхьакIуэхэр кьахуокIуэ. Аращ кьуажэм кьыдэжIуэу, мэз лъапэхэри, бгыщхьэхэри, псыхъуэхэри сыт щыгъуи кьабзэу щагъэтын щIыхуэйр.

Администрацэм и унафэкIэ, кьабзагъэм кIэлъыплъ Iэнатlэ зезыгъэгъэпэщащ, езым и техникэ иIэжу. Абы къыщIэкIа кьабзэгъуэ щIадджыжь кьэс кьуажэм уэрэму иIэр ящыщхэ чэзууэ кьызэхакIухьри, кьыдагъэувыкI пхъэнкIийр щигъэна жылэхэри диIэщ.

• Дзэлыкъуэ щIынатlэ

Бэлэрыгъыпl э яIэкъым

Дзэлыкъуэ щIынатlэм и Iэщ дохутырхэм гъэ кIуам иратегъэкIуэкIа лэжьыгъэр кьапщытэжащ икIи 2013 гъэм я пщэрыпхъэр ягъэбелджылащ.

«ДЗЭПЛЪКЪУЭ райветстанц» Iуэхущапl эм и кьалэн нэхъыщхьэр лыхэкIрэ гъэшкIэ щыхуЕгъэ Iэщщэм я узынщагъэм ткIийуэ кIэлъыплъныр, лъэрыщIыкI зыщIынкIэ хъуну уз зэрыщIалэхэм ахэр щыхъумэнырщ.

Iэщым илъэс къэс тIэунейрэ мастэкIэ хущхъуэ халъхьэ (гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ). 2012 гъэм Iэщышхуэу мин 37-м я узынщагъэр кьапщытащ. Абыхэм сымаджэу 170-м нэс къахэкIащ. Ар и пэ ита илъэсым нэхърэ 25-кIэ нэхъыбэщ. Iэщ сымаджэ нэхъыбэ яIэу кьыщIэкIащ Хьэбзэ, Сэрмакъ, Чыщбалъкъ, Дзэлыкъуэхъуажэ жылагъуэхэм. Каменномост апхуэдизкIи я бжьыгъэ Iэщ 30-кIэ нэхъ мащIэ щыхъущ, вакцинэхэмкIэ и чуэм зэрелажьам и фIыгъэкIэ. Хьэбзэрэ Дзэлыкъуэхъуажэрэ Iэщ сымаджэхэм я бжьыгъэм щыхэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дохутырхэм ахэр къамыщытэу ахэр кьызэращэхуарщ.

Ветстанцым и лэжьакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ къапщытэ сымаджэ зэрыхъуам къыхэкIыу яукIа Iэщхэр медицинэ мардэм тету щыщIатIа щIыпIэхэр, лыхэкIэр щащэ тыкуэнкэмрэ бэзэрхэмрэ. Абыхэм кьадэкIуэу, псом хэмыдэу иджыпсту я нэIэ тетщ школхэм, сабий гъэсапIэхэм ирашалIэ IэщхэкIэр зыхуэдэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хьэрхуэрыгъэр - захуагъэ хэлъу

(КІэухыр. ПэщІадзэр 1-нэ нап.).

- КъытІэрыхьэ тхыгъэхэм я нэхъыбэр теухуащ ыкІи Іэпшыпхэр щыІэбзаГэкІ рынокым бжьыпэр щыІэныІыгъ ІэнатІэхэмрэ монополистхэмрэ я Іуэхущ1афэр зыкъудэн. Апхуэдэ хъыбархэр ди сайтым жыджэру зэрящыІэзэгредгъэхьым, «Хьэрхуэрыгъэр хъумэжын ыкІи Іуэхуку» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м къыдэкІа Федеральнэ закон №135-ФЗ-р къызэрыгъэсэбэпхъпхэм теухуа хэзыгъэгъуаззэ лэжьыгъэм дызэрегугъуи и фІыгъэкІэ, организацэрэ щІыху щхьэхуэу зыкъытхуэзыгъаззэхэм я бжыгъэм хохьэуа. Отчет пЬэхъыхьэм кЬри убыдэу гулытэ хэха хуэтщІащ Іуэху къахуэдмыгъэкІыу кЬуанщэхэм я щІыуагъэхэр ди нэІэм щІэту зэредгъэзэкІуэжьыным, - жиІащ Пщынщэ КЬазбэч. - НэгъуэщІхэм я сэбэп зыхсЬпхэр кЬмыпытыжу, Іуэхуу гъэзэжьым гъэкІэ абыхэм зэгурыІуэныгъэ ещІылІэнныр хабзэм кЬызэремызэгъыр «Газпром - Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м тІэунейрэ гурыдгъэІуами, дызэхихакЬым. Законыр кЬызэрызэпиудым кЬыхэкІыу, абы хуэгъэзауэ зыхуэфащэ Іуэхуэкр кЬэгІтащ. Ліпэр, унагъуэхэр газкІэ кЬызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм теухуа зэгурыІуэныгъэм щІыуб3ыхуахэр хьэрхуэрыгъэр хъумэным и Іуэхукі Законым и 10-нэ статьям кЬигъэувэжм зэрыпэщІэуэрт. Зи гугъу тщІы Законым и 39,1-нэ статьям зэрыжиІэм хуэдэу, шыщхьІум и 1-м ирихьэлІэу зэгурыІуэныгъэм зыхуэфащэ зэхъуэжІныгъэхэр хилъхьэныну хуэдгъэувами, ар игъэзэщІакЬым. Хабзэм щемыдаІуэм, «Газпром - Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м хуэгъэзауэ Іуэху кЬызэІутхри, кЬуэдыуэ сом мин 300 тетлъхьащ. Урысейм тезырхэр ирегъэхьэкІыныжмкІэ и кЬулыкъущІапІэм и КЬэбэрдей-Балъкъэр кЬудамэм и СИЗО-1 ФКУ-р газкІэ кЬызэрэпэщынымэ теуухуа зыуэ щыг кЬэрал зэгурыІуэныгъэм зыхуэфащэ зэхъуэжІныгъэр зэрыхимыльхьам кЬыхэкІыу, «Газпром - Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м арэгурэу кЬуэдыуэ сом мин 300 тетлъхьащ.

КЬэралым монополистхэм щытыкІэ гъэзэджэ кЬыхуэзэригъэпэщащ, ауз антимонополнэ законодательствер зэрыгъэпэудмэ, абыкІэ дэтхэнэми нэсу жэуап ихьыпхъэщ, - кЬыхиГъащащ Пщынщэ КЬазбэч.

Властым и Іуэхущ1апІэхэм я унафэхэм я проектхэм ящ1ащ кудами ФАС-м и щІыналъэ хъудамэр хопльэ, антимонополнэ хабзэм кЬызэрезэгъыр егъэбелджыльы. Абы и Іэщ1агъэ1ахэм кЬалэ, район администрацэхэм къэпщытэныгъэхэр зэрыщагъэхІуэкІыжьым и фІыгъэкІэ, щІыпІэ самоуправленэхэм я1щ1ж1 щ1ыуагъэхэр я1гъэзэкІуэж. Ныкъуэгъэнэхэр кЬыгъэуэтмэ, Іуэху кЬызэІуах, ахэр зэрагъэзэкІуэжьи хуей щІыкІэр гурагъаІуэ. Зи гугъу тщІы зэманым кЬриубыдэу, хьэрхуэрыгъэр хъумэным и Іуэхукі Законым и 15-нэ статьяр властым и Іудамэхэм 51-рэ кЬызэрадаІуэ кЬажмтащ. Псоми хэпльэри, зыкуэфащэ тхылъ хуатхащ, ахэр зэрагъэзащІэм кІэлъыпльащ. Апхуэдэу лэжьыгъэм щызэпеуэзэм кЬащ1ащ1ыжьныжмкІэ Законым и 17-нэ статьям емызэгъ ныкъуэсаныгъэу 9 кЬыщІагъэщащ.

ДызэращІзуущІам ипкъ иткІэ, Пэскэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм кЬита тхылъым дыщ1ыхэплъэм, псэупІэ щ1ахуэн папщІэ, щІы Іыхьэр бэджэнду кЬызэращІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращ1ынІэну хуит зыщІ аукционыр зэрыратэжьыкІынум теуухуа хъыбарым щ1ыкІэ законодательствэм кЬыгъэувэхэр нэгъэсауэ кЬызэрыщамыгъэлъэгъуар кЬэтхутащ. Абы аукционым хэтыну хуейкэм я хуитныгъэхэр кЬызэпиудыдэт. Зыхуэфащэ тхылъ яхуэттхри, ныкъуэсаныгъэ едгъэгъэзэкІуэжащ, - кЬыжиІащ1ащ1ыр. Лъэпкъ-политикэм и управленэм и унафащІым. - РекламэмкІэ Законыр зыкъэпэзыудэкм яхуэгъэзауэ нэгъабэ Іуэху 68-рэ ястІэтащ, 52-м теухуауэ тхылъ 47-рэ дгъэхьэзыращ. Фадэхэкіхэр зыхуэдэр хэІущІыр зэращІам ёхьэлІауэ, «Рекламэм и Іуэхукі» Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ГъэкІуам и фокІадэм кЬагъ игъуэтащ. Законым и 21-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 8-нэ пунктым ипкъ иткІэ, Интернетым и хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым, газетэхэм, телевиденэм, пиварэм хэту, фадэхэкІхэр рекламэ щащІу ядэрхьым.

Пщынщэ КЬазбэч кЬызэригъэлъэгъуамкІэ, заказ зытхэм, уполномоченнэ Іуэхущ1апІэхэм, зэпеуэхэр, аукционхэр езыгъэкІуэжІ, котировкэ зыщІ комиссиэхэм я лажьыгъэмкІэ мыарэзыкэм я тхьэусыхафэу 358-рэ нэгъабэ зэрыкъратащ. Ахэр нэхъыбэу теуухуащ щхьэусыгъуэ гъэрхэр кЬагупсысуэр зэрыхамыгъэхьэм, кЬыхэдзыкІпхъэ котировкэ тхылъхэм зэрыхэпльэ щІыкІэм, заказ зытхэм я хьэпшыпхэм, лэжьыгъэ щІ1ащ, Іуэхуу кЬэбэзэм химыту дагъуэхэр зэрыхуащІым. КъэІэрыхьэ тхъэусыхафэ тхылъхэм я ящыщу 84-м ирагъэзэзэжащ, 66-р ахэр кІэзытхэм я кЬащтэжащ, апхуэдизым гъабжьэ яІэу, 140-р лъабжьэнэу кЬалъытащ. Зыхэплъа тхъэусыхафэхэм, планым щымыщу ирагъэкІуэкІа кЬэпщытэныгъэхэм ятІкІэ, тхылъ 73-рэ ягъэхьэзыращ. Зэлуахэу кЬызэрагъэпэщ зэпеуэхэмкІэ, аукционхэмкІэ, электрон Іэмал аукционхэмкІэ заказхэр зэрыхагуэша щІыкІэр планым тету 1874-рэ кЬапщытати, ныкъуэсанытэ 305-рэ кЬыщІагъэщащ.

- СледствемкІэ комитетым, прокуратурэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, щынагъуэнщагъэмкІэ кЬулыкъущІапІэм я лІыкІуэхэр тщІыгъуу антимонополнэ законодательствэр зэрагъэзащІэр планым хэмыту 461-рэ кЬэптщитащ. Абыхэм ящыщу тІур властым и кЬэрал органхэм щедгъэкІуэкІащ. Административнэ кЬуанщагъэхэмкІэ хабзэр кЬызэрэпэудам кЬыхэкІыу, ІэнатІибгъуэр кЬулыкъущІэу 199-рэ зэхуэдизыр щиІэ лІыкІуэ гупым. Апхуэдэу Жэрыкъуэ Борис КЬЪР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэхэм я коллегиехэм жыджэру хэтащ, бгъэдэлъ щІэныгъэ куумрэ зэфІэкІ лъагэмрэ ІэнатІэхэр егъэфІэкІуэным хуигъэлажьэу, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, кЬэхутэныгъэ лэжьыгъи 140-м щІигъу зи кЬалэмыпэм кЬыпыкІа щІэныгъэлІ щІэрыІуэр мыхэ-мытІэу ягъэпэжащ УФ-м, КЬЪР-м я министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм кЬабгъэдэкІ щІыхь, фЫщІэ тхылъхэмкІэ, «Урысейм и мэкъумэш ІэнатІэм и зыужьныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» дыщэ медалыр кЬратащ.

ЗэгурыІуэныгъэр, зыужьныгъэр зи гъащІэ мардэу щыта цІыху щыпкъэр и гурыІэ псоми хуэнсакъым, 2012 гъэм дыгъэгъаззэм и 25-м ар гуузу дунейм ехыжащ. Дзыхь кЬухуащІа дэтхэнэ ІэнатІэми щхьэкІэ жэуапльныгъэ зыхэзыщІэу лэжьам, цІыху псэ кЬабзэм кЬигъэщІа мащІэр щапхъэщ абы кЬыдэлжьахэм, иригъэджахэм, ныбжьэгъуу иІахэм, зыцІыхуу щытахэм я дежкІэ. Псэужамэ, абы и ныбжьыр мазаем и 28-м иІъэ 55-рэ ирикъунут.

Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и кЬуэм ехьэлІа гукъэкІыжхэмкІэ ноБэ кЬыдогуашэ тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Жылэтеж Сэлэдин Хьэмэзэт и кЬуэр.

ФІЫУЭ тлъагъу ди Іыхьлыхэм дащегупсыскІэ, гу лъыдмытэу кЬанэркъым абыхэм адерейхэм тфІеФІэкІ, ди псэм нэхъ пэгъунэгъу зэрахэтым. Апхуэдэу, си шыпхъум и кЬуэ Жэрыкъуэ Борис хэт нэхъри нэхъыфІу слъагъурт сэ. Езыми гурэ псэкІэ сызыхищІэрт, «гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ» зэрыжаІэм ещхьы... ДызэтІунэтІут, дызэрылъагъурт... НэгъуэщІ кЬуэпи сиІэщ, Тхъэм и фЫщІэкІэ, атІэми си адэм и лъэныкъуэкІи си анэмкІэ кЬэзыбыдхэми псом нэхърэ си дежкІэ нэхъыфІми ярейт Борис. Уи дзыхь зэбгъэз хъу, уи гумрэ уи псэмрэ зыхуэІупхыф цІыхут си шыпхъум и кЬуэр.

Сыкъыщалъхуа махуэр кЬыщІыздимыгъэлъэпІа е кЬыщІызэхъуэхуэн щхьэусыгъуэ игъуэту Борис ар щыблигъэкІа зэи кЬэхъуакЬым. Си нэгу кЬыщІохьэж иджы апхуэдэ махуэхэр. Нэжэгужэу, гуфІэгъэ1уэр и нэгум кЬриихыу, и щхьэгъэусэфІымрэ я бынхэмрэ щІегъуэр нэхъыбэу, Борис кЬытхуебгъэрт, сигъэгушхуэну, сигъэлъэпІэну. КЬызытекІухьа Іуэхур езыхэм я дежкІэ мыхьэнэшхэу зиІэ гуфІэгъуэ махуэу кЬыпщагъэхъун яхуэфІэкІырт а унагъуэ дахэм. Апхуэдэу фЫыуэ сыкъызэрелъагъур зыхызагъащІ1эрт, гурэ псэкІэ спэгъунэгъу Іыхьлы сызэриІэр кЬызагъэщІэжырт.

ЦІыхум и гъащІэм куэд щелъытащ езым и Іыхьлы дыдэхэм, и унагъуэм, кЬыдалъхуахэм зэрахущытыкІ. Борис абыхэм ящыщ дэтхэнэми льагъуэкІэ хэха яхуиІэт. Зыми и жагъуэ ищІынутэкъым, псоми яхуэгумащІэу, псэкІэ фЫыуэ зэрильагъур зыхригъащІэу апхуэдэт. Абы кЬыхэкІкІи, зы махуэ щІыхьэнщэ хъурт-тэкъым а унагъуэр. Борис хэмыІэбауэ зэфІэмыкІын Іуэху псоми яІэу зыхэзэращыхъум и мызакъуэу, а цІыху уГъурлым и чэнджэщи абы хэмыкІ зуеёуэ яб жырт. Ар Іыхьлы гъунэгъу дыдэу яльытэрти, зым и дзи шыртэкъым абы елъэІуну. «Абы щхьэкІэ умыгузавэ, ар сэ пхуэзфІэзгъэкІынщ», - арат Борис жэуапу яритыжыр апхуэдэхэм икІи, гъэщІэгъэнраТэкъэ, кЬыщІигъэгугъар игъэтэмэмырт. «Дауэ кЬъхъуалІэрэт си шыпхъум и кЬуэм а къомыр?» - згъэщІагъэрт сэ. Алыхьыр кЬыдэІэпыкЬурт а цІыху псэ кЬабзэу зи гур цІыхухэм яхуэзІухам.

И унагъуэм щІэсхэми гуапэ дыдэу яхущытащ Борис. Щхьэгъусэм худи чыхьыр, бынхэм ящыкъхьыр. ЯхуэятКІийтэкъым икІи яхуэтхьапІэтэкъым, фЫы псори абыхэм яльэгъэсыну щІэхъуэпсырт. Борис и щхьэгъусэ Оксанэ экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, ПотребкооперацэмкІэ Белгород университетым Налшык щиІэ къудамэм и профессорщ. Сабий дыгъащ зэдагъуэтащ, зэдапІащ абыхэм. Быным я нэхъыжь Алэ унагъуэщ, щІэныгъэхэм я кандидатщ. Абы кЬыкІэльыкІуэ Алим мы гъэм университетыр кЬеух. ЩІалэ нэхъыщІэ Чэлимэт иджыри школаКІуэщ. Зыдэс хьэблэм дэ3агъэу, пщІэ щаІэу, гЬунэгъуэхэм яхуэфІу икІи кЬъхуэфІу апхуэдэдащ а унагъуэ дахэр.

Егъэлеяуэ хуэщабэт, хуэгумащІэт Борис и анэм. Къэхъуакъым абы и псалъэр тІу щищІа. Зэгуэрым анэр кЬуэм еутщІат: «Нэщ1 мазэр кЬэсащ, си щІалэ. УнэщІыфыну пІэрэ?» - «Сынэщ1ын дэнэ кЬэна, си анэ, уэ уи гуапэ хъуну, укъысхуэзэрэзыну сщІэмэ, кЬурІэныбзэрэ зэзгъэщІэнущ», - зиший-ри анэм ІэпІэ иришэкІат. «Сыпхуэарэзыщ. Къанэ щымыІэу сыпхуэарэзыщ», - и жэуапт анэм... Апхуэдэт ар: псэ зэІуха зиІэ цІыху щабэт.

Дэтхэнэ лъэпкъми кЬыхохІ цІыху, зэуныкъуэщхэм я тхьдэм дихьэху, ар кЬихутэу, лъэпкъым кЬикІуа гъуэгуанэр кЬэзыІуатэ зэхуихьэсыжу. Борис апхуэдэт. Абы фЫыуэ хищІыкІырт Жэрыкъуэхэ я лъэпкъ тхьдэм, лъыкІэ кЬыгуфхэ псори ищІыхуну, игъэблэгъэну, игъэІЫхьлыну хущІэкъурт. А и хьэл дахэм щхьэкІэ абы «благъэ мыгъэкІуэдкІэ» дежджэрт. Апхуэдэу си анэр и пхурылъхъум зэрыцІыкІуурэ Мухьэмэдкі едхэрт, си цІэр дахэ, си пщІэр лъагэ Бегъымбаф ирригъэщхьу.

Жэрыкъуэ Борис бгъэдэлъ щІэныгъэ куум, ар УФ-мрэ КЬЪР-мрэ щІыхь зиІэ я щІэныгъэлІу зэрыщытам куэд тепсэлъыхьащ. Илъэс 20-м нэскІэ ар щылэжьащ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт еджапІэм. Абы щыщу илъэс 12-кІэ и унафэщІу щытащ. Кыдэлэжьахэм ящыщ куэд щыхьэт тохъуэ Борис цІыху гуапэу, взгъэзэгъуэ, зыхэзгъэ гупыр кЬгъэдэІуэфу, езыри чэнджэщфу зэрыщытам. Политикэмэ экономикэмэ хуабжьу дахьэхырт Борис. Къащ1ынэмыщІауэ, бгъэдэлъ философие гупсысэ куухэмкІэ куэдым ядэгугъэщфырт. А унэтІыныгъэхэм ятеуухуа и тхыгъэхэр щІэщІэхэлъуэ кЬытехуэрт газетхэм, журналхэм. ЩІэныгъэлІым и кЬалэмыпэм кЬупыкІа тхылъхэмкІэ йоджэ УФ-м мэкъумэш щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэ зыбжанэм я студентхэр.

А псоми зыкъыдигъахуэурэ, абы зэман кЬиГъуэтырт адыгэ тхакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм щыгъуазэ зыхуищІыну. Борис фІэфІт Щ1ОДЖЭНЩІЫКІУ Алий, ЩОДЖЭНЩІЫКІУ Іэдэм, ІутІыж Борис сымэ я уэсхэр. Абыхэм ящыщ куэди гукІэ ищІэрт, жиІэни фІэфІт. «Сэ сыслІат» зифІэсщэ си расказ гуэрым и гугъу куэдрэ кЬыскухущІырт абы. ИщІэмэ фІэфІт ар си бынхэм, щхьэгъусэм кЬазэрыщ1ыхьуар. «Дауи, абыхэм я дежкІэ ар гухэщІщ, итІани художественнэ и лъэныкъуэкІэ ар зыхуей хуэзауэ кЬызэлъытэ», - кЬызжиІат абы. Литературэм кЬыхьхьэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм нэгъунэ я творчествэм щыгъуазэ зэрызищІыным пылът Борис. Ахэр абы кЬриджаІырт «Іуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ» газетым. Абыхэм Іэ щытрадзэ зэманыр кЬэса нэужь, мэкъумэш университетым щылажьэхэм абыкІэ защІигъакъуэрт. КЬащтэмэ, 2013 гъэм Жэрыкъуэм и фІыгъэкІэ а еджапІэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм, студентхэм ящыщу 109-м яІэрохьэ «Іуащхьэмахуэ» журналыр. Усэ тхыным дихьэх и лэжьэгъуэхэм, студентхэм я кЬаламэ-пэм кЬупыкІа тхыгъэхэр зэрыт «Ялп лъэбакъуэ» зыфІащэ тхылъи Жэрыкъуэм кЬахуэдигъэкІауэ щытащ.

ЦІыхум папщІэ псэуа, апхуэдизэ Іуэхущ1афэ дахэ зиІа, си мурадхэр ин, гупсысэхэр кЬабзэ цІыху жумартыр пасэ дыдэу дунейм зэрехьжар хуабжьу кЬызоохьэлъэкІ. Щхьэтечу жысІэнщи, сэ сыщІэзыщхьэжыну сызыщыгугъари арат... Сыту пІэрэт а цІыху дахэм, псэ кЬабзэм дилъэтуар а лЫуКІым?!

Сыпсэуху, си гум ихунукъым Борис. СощІэ: зыщІыхуу щытахэми ар фІыкІэ я гум куэдрэ илъынущ. Жэнэтыр увыІэпІэ Тхъэм хуищІ. Дыпхуэзарэзыщ, си кЬуэ. Алыхьыр арэзы кЬыпхухъу.

ЖЫЛЭТЭЖ
Сэлэдин.

Пресс-конференцыр щкІуэхІым.

Куржым и лІыкІуэхэр Іуащхьэмахуэ районым щыІащ

«Мамырыгъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теуухуа курмы-урысей зэпэсэтэныгъэ» проектым хигъэдзэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуа куржы эксперт гупыр дыгъуасэ Іуащхьэмахуэ районым щыІащ нкІи абы и администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Аслъэн хуэзащ.

«КУРЖЫМ и тхыдэм кЬыкІэлыкІуэ нагъэкІуэщІ кЬызэІухэ. Кавказым ис псори дэ ди кЬуээшщ нкІи сыт щыгъуи апхуэдэу екІуэжІкІи хуейщ», - апхуэдэ псалъэхэр хьэщІхэм зэІущІэр зэрыраГъэжьар. Москва кЬалэм дунейпсо зэхущытыкІэхэмкІэ дэт кЬэрал институтым Кавказыр джьнымкІэ и центрым и щІэныгъэ лэжьакІуэ Силаев Николай жиІащ урысей-куржы зэхущытыкІэхэр иджыпсту зэрыхьэу зэрекІуэкІыр нкІи ахэр зэтеуэжьжьи папщІэ зэман гуэр зэрыхуейр. Абы папщІэ сэбэп хъунущ Кавказым ис зэкъуэш лъэпкъхэм я лІыкІуэхэр нэхъ щІэхъщІэхьуэрэ зэкІэлъыкІуэныр, щІэнхабзэ, экономикэ зэрыщІэныгъэхэр зэтегъуэвэжьныр.

Куржым и лІыкІуэхэм кЬыхагъэщІэхуэкІащ Іуащхьэмахуэ районым и дахагъэр зыхуэбгъэдэн щымыІэу кЬызэрагъэтрар. Малкаров Аслъэн хьэщІэхэр щыгъуазэ ищІащ Іуащхьэмахуэ районым дяпэкІэ зэрызэпужьынум, псом хуэмыдэу курортхэмрэ промышленнэ ІэнатІэхэмрэ кЬыщыхъуну зэхъуэкІыныгъэхэм. Абы игу кинъэжьыжащ совет лъэхъэнэ турист гъуэгуанэхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ икІрэ Куржым и щІыналъэ щхьэхуэхэм кЬуэуэ зэрыщытар: «Балъкъэр ихьэ-ихьэжьи лъапІэрэ сонэхэм быдэу япыщІащ. А лъэпкьитІыр зэныбжьэгъуэ Іэдж зэ Іьандэрэ кЬокІуэкІ. Иджыпсту Іуащхьэмахуэ районым ис балъкъэрхэм я Іыхьэ пщІанэм я унэцІхэм зэпеуэвэжьи зэрыхуейр.

Куржым кЬыкІа экспертхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІащ, ІкапсэрыкІуэ гъуэгумкІэ Іуащхьэмахуэ дэкІащ, балъкъэрхэм я псэукІэмрэ хабзэхэмрэ щыгъуазэ защІащ.

ТАРИМ Алисэ.

Жэрыкъуэ Борис. *2002 гъэ*

И ныбжьэгъуэхэм я гъусэу. *2007 гъэ*

Ар цІыху псэ къабзэт

ЩІэныгъэлІ, политик щыпкъэ, жылагъуэ, лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректору иІъэс куэдкІэ щыта, профессор, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и кЬуэр ящыщу къыщалъхуа щІыпІэм, хэкум я ехъулІэныгъэр зи пльапІэу дунейм тета щІыхуэхэм.

КЬЪР-м и Парламентым и депутату, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ комитетым хэту, ар и пашэт «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ кЬудамэм хабзэубзыху орган нэхъыщыхьэм щиІэ лІыкІуэ гупым. Апхуэдэу Жэрыкъуэ Борис КЬЪР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэхэм я коллегиехэм жыджэру хэтащ, бгъэдэлъ щІэныгъэ куумрэ зэфІэкІ лъагэмрэ ІэнатІэхэр егъэфІэкІуэным хуигъэлажьэу, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, кЬэхутэныгъэ лэжьыгъи 140-м щІигъу зи кЬалэмыпэм кЬыпыкІа щІэныгъэлІ щІэрыІуэр мыхэ-мытІэу ягъэпэжащ УФ-м, КЬЪР-м я министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм кЬабгъэдэкІ щІыхь, фЫщІэ тхылъхэмкІэ, «Урысейм и мэкъумэш ІэнатІэм и зыужьныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» дыщэ медалыр кЬратащ.

ЗэгурыІуэныгъэр, зыужьныгъэр зи гъащІэ мардэу щыта цІыху щыпкъэр и гурыІэ псоми хуэнсакъым, 2012 гъэм дыгъэгъаззэм и 25-м ар гуузу дунейм ехыжащ. Дзыхь кЬухуащІа дэтхэнэ ІэнатІэми щхьэкІэ жэуапльныгъэ зыхэзыщІэу лэжьам, цІыху псэ кЬабзэм кЬигъэщІа мащІэр щапхъэщ абы кЬыдэлжьахэм, иригъэджахэм, ныбжьэгъуу иІахэм, зыцІыхуу щытахэм я дежкІэ. Псэужамэ, абы и ныбжьыр мазаем и 28-м иІъэс 55-рэ ирикъунут.

Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и кЬуэм ехьэлІа гукъэкІыжхэмкІэ ноБэ кЬыдогуашэ тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Жылэтеж Сэлэдин Хьэмэзэт и кЬуэр.

ФІЫУЭ тлъагъу ди Іыхьлыхэм дащегупсыскІэ, гу лъыдмытэу кЬанэркъым абыхэм адерейхэм тфІеФІэкІ, ди псэм нэхъ пэгъунэгъу зэрахэтым. Апхуэдэу, си шыпхъум и кЬуэ Жэрыкъуэ Борис хэт нэхъри нэхъыфІу слъагъурт сэ. Езыми гурэ псэкІэ сызыхищІэрт, «гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ» зэрыжаІэм ещхьы... ДызэтІунэтІут, дызэрылъагъурт... НэгъуэщІ кЬуэпи сиІэщ, Тхъэм и фЫщІэкІэ, атІэми си адэм и лъэныкъуэкІи си анэмкІэ кЬэзыбыдхэми псом нэхърэ си дежкІэ нэхъыфІми ярейт Борис. Уи дзыхь зэбгъэз хъу, уи гумрэ уи псэмрэ зыхуэІупхыф цІыхут си шыпхъум и кЬуэр.

Сыкъыщалъхуа махуэр кЬыщІыздимыгъэлъэпІа е кЬыщІызэхъуэхуэн щхьэусыгъуэ игъуэту Борис ар щыблигъэкІа зэи кЬэхъуакЬым. Си нэгу кЬыщІохьэж иджы апхуэдэ махуэхэр. Нэжэгужэу, гуфІэгъэ1уэр и нэгум кЬриихыу, и щхьэгъусэфІымрэ я бынхэмрэ щІегъуэр нэхъыбэу, Борис кЬытхуебгъэрт, сигъэгушхуэну, сигъэлъэпІэну. КЬызытекІухьа Іуэхур езыхэм я дежкІэ мыхьэнэшхэу зиІэ гуфІэгъуэ махуэу кЬыпщагъэхъун яхуэфІэкІырт а унагъуэ дахэм. Апхуэдэу фЫыуэ сыкъызэрелъагъур зыхызагъащІ1эрт, гурэ псэкІэ спэгъунэгъу Іыхьлы сызэриІэр кЬызагъэщІэжырт.

ЦІыхум и гъащІэм куэд щелъытащ езым и Іыхьлы дыдэхэм, и унагъуэм, кЬыдалъхуахэм зэрахущытыкІ. Борис абыхэм ящыщ дэтхэнэми льагъуэкІэ хэха яхуиІэт. Зыми и жагъуэ ищІынутэкъым, псоми яхуэгумащІэу, псэкІэ фЫыуэ зэрильагъур зыхригъащІэу апхуэдэт. Абы кЬыхэкІкІи, зы махуэ щІыхьэнщэ хъурт-тэкъым а унагъуэр. Борис хэмыІэбауэ зэфІэмыкІын Іуэху псоми яІэу зыхэзэращыхъум и мызакъуэу, а цІыху уГъурлым и чэнджэщи абы хэмыкІ зуеёуэ яб жырт. Ар Іыхьлы гъунэгъу дыдэу яльытэрти, зым и дзи шыртэкъым абы елъэІуну. «Абы щхьэкІэ умыгузавэ, ар сэ пхуэзфІэзгъэкІынщ», - арат Борис жэуапу яритыжыр апхуэдэхэм икІи, гъэщІэгъэнраТэкъэ, кЬыщІигъэгугъар игъэтэмэмырт. «Дауэ кЬъхуалІэрэт си шыпхъум и кЬуэм а къомыр?» - згъэщІагъэрт сэ. Алыхьыр кЬыдэІэпыкЬурт а цІыху псэ кЬабзэу зи гур цІыхухэм яхуэзІухам.

И унагъуэм щІэсхэми гуапэ дыдэу яхущытащ Борис. Щхьэгъусэм худи чыхьыр, бынхэм ящыкъхьыр. ЯхуэятКІийтэкъым икІи яхуэтхьапІэтэкъым, фЫы псори абыхэм яльэгъэсыну щІэхъуэпсырт. Борис и щхьэгъусэ Оксанэ экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, ПотребкооперацэмкІэ Белгород университетым Налшык щиІэ къудамэм и профессорщ. Сабий дыгъащ зэдагъуэтащ, зэдапІащ абыхэм. Быным я нэхъыжь Алэ унагъуэщ, щІэныгъэхэм я кандидатщ. Абы кЬыкІэльыкІуэ Алим мы гъэм университетыр кЬеух. ЩІалэ нэхъыщІэ Чэлимэт иджыри школаКІуэщ. Зыдэс хьэблэм дэ3агъэу, пщІэ щаІэу, гЬунэгъуэхэм яхуэфІу икІи кЬъхуэфІу апхуэдэдащ а унагъуэ дахэр.

Егъэлеяуэ хуэщабэт, хуэгумащІэт Борис и анэм. Къэхъуакъым абы и псалъэр тІу щищІа. Зэгуэрым анэр кЬуэм еутщІат: «Нэщ1 мазэр кЬэсащ, си щІалэ. УнэщІыфыну пІэрэ?» - «Сынэщ1ын дэнэ кЬэна, си анэ, уэ уи гуапэ хъуну, укъысхуэзэрэзыну сщІэмэ, кЬурІэныбзэрэ зэзгъэщІэнущ», - зиший-ри анэм ІэпІэ иришэкІат. «Сыпхуэарэзыщ. Къанэ щымыІэу сыпхуэарэзыщ», - и жэуапт анэм... Апхуэдэт ар: псэ зэІуха зиІэ цІыху щабэт.

Дэтхэнэ лъэпкъми кЬыхохІ цІыху, зэуныкъуэщхэм я тхьдэм дихьэху, ар кЬихутэу, лъэпкъым кЬикІуа гъуэгуанэр кЬэзыІуатэ зэхуихьэсыжу. Борис апхуэдэт. Абы фЫыуэ хищІыкІырт Жэрыкъуэхэ я лъэпкъ тхьдэм, лъыкІэ кЬыгуфхэ псори ищІыхуну, игъэблэгъэну, игъэІЫхьлыну хущІэкъурт. А и хьэл дахэм щхьэкІэ абы «благъэ мыгъэкІуэдкІэ» дежджэрт. Апхуэдэу си анэр и пхурылъхъум зэрыцІыкІуурэ Мухьэмэдкі едхэрт, си цІэр дахэ, си пщІэр лъагэ Бегъымбаф ирригъэщхьу.

Жэрыкъуэ Борис бгъэдэлъ щІэныгъэ куум, ар УФ-мрэ КЬЪР-мрэ щІыхь зиІэ я щІэныгъэлІу зэрыщытам куэд тепсэлъыхьащ. Илъэс 20-м нэскІэ ар щылэжьащ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт еджапІэм. Абы щыщу илъэс 12-кІэ и унафэщІу щытащ. Кыдэлэжьахэм ящыщ куэд щыхьэт тохъуэ Борис цІыху гуапэу, взгъэзэгъуэ, зыхэзгъэ гупыр кЬгъэдэІуэфу, езыри чэнджэщфу зэрыщытам. Политикэмэ экономикэмэ хуабжьу дахьэхырт Борис. Къащ1ынэмыщІауэ, бгъэдэлъ философие гупсысэ куухэмкІэ куэдым ядэгугъэщфырт. А унэтІыныгъэхэм ятеуухуа и тхыгъэхэр щІэщІэхэлъуэ кЬытехуэрт газетхэм, журналхэм. ЩІэныгъэлІым и кЬалэмыпэм кЬупыкІа тхылъхэмкІэ йоджэ УФ-м мэкъумэш щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэ зыбжанэм я студентхэр.

А псоми зыкъыдигъахуэурэ, абы зэман кЬиГъуэтырт адыгэ тхакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм щыгъуазэ зыхуищІыну. Борис фІэфІт Щ1ОДЖЭНЩІЫКІУ Алий, ЩОДЖЭНЩІЫКІУ Іэдэм, ІутІыж Борис сымэ я уэсхэр. Абыхэм ящыщ куэди гукІэ ищІэрт, жиІэни фІэфІт. «Сэ сыслІат» зифІэсщэ си расказ гуэрым и гугъу куэдрэ кЬыскухущІырт абы. ИщІэмэ фІэфІт ар си бынхэм, щхьэгъусэм кЬазэрыщ1ыхьуар. «Дауи, абыхэм я дежкІэ ар гухэщІщ, итІани художественнэ и лъэныкъуэкІэ ар зыхуей хуэзауэ кЬызэлъытэ», - кЬызжиІат абы. Литературэм кЬыхьхьэ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм нэгъунэ я творчествэм щыгъуазэ зэрызищІыным пылът Борис. Ахэр абы кЬриджаІырт «Іуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ» газетым. Абыхэм Іэ щытрадзэ зэманыр кЬэса нэужь, мэкъумэш университетым щылажьэхэм абыкІэ защІигъакъуэрт. КЬащтэмэ, 2013 гъэм Жэрыкъуэм и фІыгъэкІэ а еджапІэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэм, студентхэм ящыщу 109-м яІэрохьэ «Іуащхьэмахуэ» журналыр. Усэ тхыным дихьэх и лэжьэгъуэхэм, студентхэм я кЬаламэ-пэм кЬупыкІа тхыгъэхэр зэрыт «Ялп лъэбакъуэ» зыфІащэ тхылъи Жэрыкъуэм кЬахуэдигъэкІауэ щытащ.

ЦІыхум папщІэ псэуа, апхуэдизэ Іуэхущ1афэ дахэ

Экономикэ | Политикэ

Махуэ къуэ

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ

Езым фIэфIу...

● Къаугъэ

Депутат цIэрыIуэ Пехтин Владимир Къэрал Думэм къыхэкIи икIи и мурадщ Майами лъэтэу зэрымыкъуаныгъэ абы наIуэ къыщищIыну.

ИЩIАГъ палатэм хэтхэм тельыджкэ ящыхьыдыщ иджыблагъэ зэхахар, «Урысей зэкъуэт» партыр къызэзыгъэпщащэм ящыщ Пехтин Владимир жиIащ... езым фIэфIу Парламентым зэрыхэкIыр.

- СощIэ мы махуэхэм Интернетым кьихуту тхыгъэм фэ фызэреджар, - захуигъэзащ Пехтиным къызэхуэсахэм. - КъызгуроIуэ абы фэ гуитIщхьитI фызэрищIари.

ИпэIуэкIэ депутатыр зыгъэулый тхыгъэ Интернетым ирилъхьат Испаниемрэ Францыемрэ блогер гуэрым. Абы зэрыжиIамкIэ, цIыхубэм я лIыкIуэмрэ абы и къуэмрэ Майамии (США) долларр мелуанитI зи уасэ фэтэритI, Флориидэ долларр мин 400 зи уасэ зэнэ щаIэщ. Пехтин зиумысыжащ ямыгъэIэпхъуэ мылъку и къуэ Алексей США-м зэрыщIэмкIэ, ауэ щIигъужащ езыр а псэупIэхэм зыкIи пыщIауэ зэрыщымытыр.

ИужькIи Пехтиным тригъэчныхьащ ар хабзэм и пащхьэм зэрыщыкъабзэр.

- Сэ мы лъэбакъуэр соч цIхьэусыгъуэ зыбжанэм ккьжкIыр. Я пэрауэ, Интернетым кьихута тхыгъэм кьыщцIыхьащ шэн уэзыгъэщI Іуэхуэр. ЕтIуанэрауэ, абы юстица и лъэныкъуэкIэ хэлъщ зIуымыбз гуэркэр. Ахэр зэхэгъэкIыным зэман текIуэдэнщ. ИкIи сэ фыдэу си фIэщ мэхъу сызэрызахуэр фи фIэщ сщIыфыну. А псор зэфIэкIыхуу сызыхэт партри си къыхьхэри ящыгъэшыргъэ хэтынущ. Абы кьыхэкIыу си дежкIэ тыншу щымыт лъэбакъуэр соч - Къэрал Думэм и депутатым и мандатыр согъэтIылъ, - жиIащ цIыхубэм я лIыкIэм.

«Дэ иджыри дыдэхуэзэнщ», - жиIэри, ар псэлъапIэм икIыжащ. Зэхэхар тельыджкэ зыщыхуэ зэхуэсахэм а псалъэхэм Iэгъашхуэ хуаIэтащ. Палатэм и спикер Нарышкин Сергей, уеблэмэ абы фIыщIэ хуищIащ - хуабжьу си гуапэщ жэуапIыныгъэрэ лIыгъэкъабзэ цIыхубэкъуэ зэрыгъаг, - жиIэри.

ИужькIыуэкIэ Пехтиным журналистхэм яжриIащ мандатыр итьжкынымэ зыми зэрыримыхулаг. Партыми и унафэщIхэр щыгъуэзакъым абы апхуэдэ мурад зэрищIам. И Іыхьлыхэми зыри хащIыкIыххакъым. Пехтиным кьыхигъэщащ «Урысей зэкъуэтым» кьыхэкIыжкъым мурад зэримыIэр икIи партым пщэрылъ къызэрыщищIам ипкъ иткIэ, мыгувэу Владивосток зэрыкIуэнур. Абы ар щыкIэлъыплъынущ къалэм и Іэтащхьэр хэхьыным зэрызыхуагъэхьэзырым.

ИтIанэ Майами лъэтэну къыщыкIынущ, ямыгъэIэпхъуэ мылъку США-м зэрыщимыIэм щыхьат текъуэ тхылъ зыIэригъэхьэн мурадкIэ. Ар къьхуIэмэ, къыгуфэм кIэ игъэутынущ.

ФщIэн папщIэ

ПЕХТИН Владимир 1997 гъэ лъандэрэ политикэм хэтщ . ИпэкIэ лэжащ Магадан областым щыIэ «Колымэнерго» ОАО-м и Іэтащхьэу, «Урысейм и ЕЭС»-хэр РАО-м и унафэщIэм я советым хэтащ. Къэрал Думэм и ещанэ, еплIанэ, етхуанэ, еханэ зэхуэсыгъэхэм я депутатщ. Иджырей парламентым Депутат щэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщI къулыкъур щIигъащ. 2011 гъэм ита налог декларацэм къыщигъэлъэгъуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 11-рэ 688-рэ хъу щIы Іыхьибл, метр зэбгъузэнатIи 182-рэ зи инагъ фэтэр, нэгъуэщI къэрал щащIа автомобилитI иIэу. И щхьэгъусэми иIэщ щы Іыхьитl, унитl, фэтэр, «Мерседес» автомашинэу щы. Мылъку псори Урысейм щатхащ. А декларацэм тепщIыхьмэ, ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъку гуэри Пехтиным нэгъуэщI къэралхэм щIэкъым.

Аргуэру зы депутат хокI

ПЕХТИНЫМ и ужькIэ, Думэм хэкIыну зигъэхьэзыращ «Урысей зэкъуэтым» хэт Ломакин Анатолий. Пример крайм и цIэкIэ Парламентым хахам апхуэдэ Іыхьэ итащ езым фIэфIу.

Я пэ щIыкIэ ягъэхъыбаращ Ломакиным ича лъэбакъуэр бизнесым пыщIауэ: «Дунейпсо калий зэгуфэныгъэ» компанием и Іэтащхьэ щыта мелардырыбжэр Урысейм и цIыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщщ. АрщхьэкIэ ижькIэ партым и унафэщIхэм жаIащ абы мандатыр щIигъэтIылъым и щхьэусыгъуэр и узынщагъэр зэрымыщIагъэр арауэ.

ЕГОРОВ Андрей, СЕМУШКИН Сергей.
«Комсомольская правда»

● Кубэ

Хуит хъуахэщ

Хамэ къэрал посольствэхэу Гаванэ щыIэхэм я Іуэхущ Іапэхэм цIыху куэд щопэкIу нэгъуэщI къэралхэм кIуэну хуейхэу. Илъэс 50 хъуащ Кубэм и цIыхухэр дэкъуэзауэ зэрыIыгъэр.

ИДЖЫ хабзэ къащтащ хамэ къэралхэм хуиту кIуэфыжи, ижькIэ паспортрэ визэрэ уэхуейщи, ижькрейр кIыхэрымыкIуэу лъапIэщ, ику ит мазэ улахуэм нэхърэ хуэди 10-кIэ нэхъыбэ токIуадэ. Пэкщ, къэралым икIыныр зыхуамыгъэдахи щыIэщ: «револьвер зэрыбей цIыхухэр» зыхужаIэ инженерхэм, дохутырхэм, дзэм хэтхэм, спортымкIэ лъэрыхьхэм «хьауэ» диди къыжраIэркъым, ауэ нэгъуэщI къэрал зэрамыгъэкIуэным яужь итщ.

ЗыщIэхъуэпса паспортыр къызыIэрыхьар иджы хуитщ ильэситIкIэ нэгъуэщI щIыпIэ щыхьэщIэну, щыпсэуну (ящэм мазэ 11-т ратыр). А хабзэм ебэкъуам, ижькIэ Кубэм къигъэзэжкIи хуей хъумэ, уасэ зыщIамыт медицинэмрэ щIэныгъэ зригъэгъэтынымрэ и Іуэху хэлъыжкъым.

«Эхо планеты».

● Бжыгъэхэр

Динхэр

ЦIыХУ мелардихыр динхэм ящыщ зыгъэрым тетщ. ООН-м кьит бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыху мелардиз 2,2-рэ чристэн диным итщ, мелард 1,6-м - ислъамыр, зы мелардым - иудизмыр, мелуан 500-м - буддизмыр яIыгъщ.

Мылъку

ЕВРЭ мелард 393-рэ и уасэ дыщэрэ дыщэкIэ Іэ «пIащхьатгъэм щIэлъу» яхъумэ Германием и цIыхухэм. КьызэрабжамкIэ, ФРГ-м и дэтхэнэ цIыху балигъми дыщэкIыу грамми 117-рэ иIэщ.

Ахъшэ гъэIылъыгъэхэр

СТАВРОПОЛЬ крайм и ШэсыпIэ фондым и гъэтIылъыгъэр сом мелуан 866,6-м нэсащ 2013 гъэм и япэ мазэм ирихьэлIэу. Край, федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIыу кьыIэрыхьэм и фIыщIэкIэ, Фондым зэрызиужьам Іемал къритащ зыдигъэлэжьэну банкхэр сым кьыхихыну. НобэкIэ ахэр 14 мэхъу икIи крайм фIыуэ щащIыху финанс Іуэхущ Іапэхэщ.

2009 гъэм кьызэрагъэпэщащ фондыр. Абы «поручитель» жаIуэ Іа кьалэныр игъэзащIу арщ хьэрычэт мащIэм, курытым зезыпщытым банкым ахъшэ щIыхуэ кьыщцIихкIэ. Илъэситхум кьриубыдэу цIыху 413-м ахъшэ щIыхуэ езэгърабгъуэкIэ я Іуэхущ Іапэ зэрауэфар ШэсыпIэ фондым и фIыщIэщ.

«Российская газета».

● Улахуэхэр

Уафэм щIоуэ

Иджыблагъэ Санкт-Петербург къаугъэ къыщыхъеящ, абы и 31-нэ сымаджэщыр щIыхь къыхэзыгъэхьэм кьыгъахьу зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэлъ къулыкъущIэхэм иратыну унафэщIхэр яужь зэритам кьыхэкIыу. Ди унафэщIхэм я тыщыгъуэр исэм япэ ирагъэщыныр яхуэзэхэныну къыщIэкIынукъым. «Аргументы и факты» газетым мурад ищIащ абыхэм я Іыхьыгъуэр къызэрыгъэгъэнэщ щыкIэр зэхигъэкIыну. Къилъытари абыхэм нахуэу яIэрыхьэ хэхъуэхэм я закъуэщ.

Сом триллионитI къудей...

СЫТ жылагъуэр ипэкIэ зи гугъу тщIа хьыбарым апхуэдизу щIызэгугъэпар? Суд нэхъыщхьэхэм (ахэр Москва дагъэ Санкт-Петербург ягъэIэпхъуэну я мурадщ) я къэжмэщIхэм Іуэхутхьбзэ хуащIэн папщIэ 31-нэ сымаджэщым лыпхъ зэуэ сабийхэр зыщIэлъ кьудамэр хагъэкIыну хэтащ, я щыIэкIэ-псэукIэр щынэхъыфIныну сымаджэщ кьратыну трагъэчныхьу. Ауэ, кьащIэ, хэщIапIэ хуащIынур дэнэ ми... Пэхьыщхьэращи, абы сабий сымаджэхэр нэхъ щытыншыну?

Конституцэ судым, Суд нэхъыщхьэм, Арбитраж судым я лэжьакIуэхэмрэ ижькъмэщI хэмрэ мы зэманым кьыхуэлIыхъуэ кьыщIэзэнму медицинэ Іуэхущ Іапэ. АрщхьэкIэ губгъым кьыхэкIа псалъэмакъым хэгъуащэ пэтащ нэхъ мыхъэнэ ин дыдэ зиIэ упщIэр. Сыт кьулыкъущIэ ягъэIэпхъуэхэр Питер и сымаджэщхэм ящыщ зым щIрамыгъэбыдыIар е медицинэ страховани кьызэрыгъэкIын щIыуэнэ папщIэ я улахуэм щIыхухамыгъэхъуар? Нева и Іуфэм Іут къалэм сымаджэщ тэмэмхэр щымыIэу ара? КьызэрыщIэкIымкIэ, хьунутэкъым - Президентым и Администрацэр, Суд нэхъыщхьэхэр, Парламентым и депутатхэр, ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэ зыхуей-ныхъуэфIхэмкIэ кьызэзыгъэпащIыр УФ-м и Президентым и Іуэхуэр зезыхьэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, абыхэм сымаджэщ щхьэхуэ яIэн хуейщ.

Абы щыгъуэми, я улахуэм хагъахьуэу кьулыкъущIэхэм ират льготэхэр ягъэкIуэдыжьипхъэу жаIэу зэрытепсэлъыхьыр илъэ и пэкIэ аргуэру кьэхъеижащ. Медведев Дмитрий хэту еIуэкIа зэIущIэм Іэщагъэлэхэм щыжаIащ кьулыкъущIэхэр «гъэфIэным» кIэ иратыну я чэзу хьуауэ, я улахуэхэм хухагъахьуэмэ, дарей псори езыхэм ахъшэкIэ зэфIагъэкIын хуейуэ. «Дэ апхуэдэ хабзэм дыхуэзмыкIуэу хъунукъым, унафэщIхэм хуащIэ щIэуфа дыдэу зэрыщыгъым кьыхэкIыу. Абы цIыхухэр хуабжьу егъэгубжь, - жиIэртат а зэманым президенту щыта Медведевым. Къэралым и Іэтащхьэм и дэIэпкьыхъэгъуу абы щыгъуэ щыта, иджы вице-премьер Дворковичи Аркадий жиIащ кьулыкъущIэхэм я льготэхэр 2012 гъэм и бжьыхьэм щыщIэдэуэ ахъшэм хуагъахьуэну. УнафэщIхэм я улахуэхэм зэрыхагъэхъуам тепщIыхьмэ, уегупсыс хъунущ абыхэм льготэхэр нэхъ пасэжу кьыртрахьи щIадзауэ. 2012 гъэм и бжьыхьэм Президентым и Администрацэм и улахуэхэр процент 12-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

АрщхьэкIэ льготэхэм зыри еIуакъым, псори зэрыщIэтауэ кьэжащ. Абы щыгъуэми. Президентым и Іуэхуэр зезыхьэ Управленэм яхунгъэув льготэхэм нэмыщI, езыхэм я лэжьакIуэхэм льготэкIэ иогуапэ министерствэ, кьулыкъущIапIэ куэдыкIейхэр. Аудитор компаниехэм ящыщ зым и Іэщагъэлl Андриевский Иван къеIуатэ а псори зэхэпхъажмэ, зы илъэсым сом триллионитI и кIэ кьимыхуэну.

ПIуащIэ, щащIэу

ДЕПУТАТХЭМРЭ ящыщыщIэхэмрэ яIэ льготэхэр зыщIэхэр кьыджаIэну дэ езыхэм дельэIуащ, я щIэунэцIэхэр кьэдмыгъэлъэгъуэну кьэдгъэгугъэри.

Думэм и унэм щIэсхэм - депутатхэми хуэдэу, лэжьакIэ кьызэрыгъэкIэми - куэдкIэ яхуоупсэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр Москва и Іэшэтьащхэм щыIэ пансионатхэм ящыщ зым щагъакIуэ хьэрыщ сыхьат 24-м сом 500 фIэкIа щIамыту (абы дыщIагъу щэджагъуашхэм папщIэ Іьхъэм сом 350-р). Апхуэдизу ахъшэ фIэкIа трамыгъэкIуадэу ахэр ипщэ лъэныкъуэм и санаторрэхэм кIэ хъунущ. Я пэ ирагъэщыр депутатэрэщ, арщхьэкIэ Парламентым и адрей лэжьакIуэхэмэ ар ахуэзфIэкIынущ. Я узынщагъэр ирагъэфэкIуэнумэ, абыхэм къащIэлъэгъуэ зы Іуэху щыIэ щыIэ-хэм я льготэхэр 2012 гъэм и бжьыхьэм щыщIэдэуэ ахъшэм хуагъахьуэну. УнафэщIхэм я улахуэхэм зэрыхагъэхъуам тепщIыхьмэ, уегупсыс хъунущ абыхэм льготэхэр нэхъ пасэжу кьыртрахьи щIадзауэ. 2012 гъэм и бжьыхьэм Президентым и Администрацэм и улахуэхэр процент 12-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

АрщхьэкIэ льготэхэм зыри еIуакъым, псори зэрыщIэтауэ кьэжащ. Абы щыгъуэми. Президентым и Іуэхуэр зезыхьэ Управленэм яхунгъэув льготэхэм нэмыщI, езыхэм я лэжьакIуэхэм льготэкIэ иогуапэ министерствэ, кьулыкъущIапIэ куэдыкIейхэр. Аудитор компаниехэм ящыщ зым и Іэщагъэлl Андриевский Иван къеIуатэ а псори зэхэпхъажмэ, зы илъэсым сом триллионитI и кIэ кьимыхуэну.

ПIуащIэ, щащIэу

ДЕПУТАТХЭМРЭ ящыщыщIэхэмрэ яIэ льготэхэр зыщIэхэр кьыджаIэну дэ езыхэм дельэIуащ, я щIэунэцIэхэр кьэдмыгъэлъэгъуэну кьэдгъэгугъэри.

Думэм и унэм щIэсхэм - депутатхэм

● Гъуазджэ

Немцовэ Марие

Немцовэ Мариерэ Ватуля Виталийрэ

Дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэрэ къызыбгъэдэкIхэр

«Мамырыгъэм и макъамэ» дунейпсо псапащIэ Iуэхум хэту ГъуазджэхэмкIэКавказ Ищхьэрэ институтым щатащ эи IэщIагъэм хуэIэзэхэм я дерсэр концертрэ.

АР я жэрдэмщ дунейпсо зэпеуэ зыбжанэм я лауреатхэу Немцовэ Мариерэ (фортепианэ) Ватуля Виталийрэ (саксофон). Кьыхэгъэщыпхьэщ, Мариерэ Виталийрэ мыпхуэдэ Iуэхуиз Урысейм и щыналъэ зэхуэмыдэхэм, Беслъэн, Тбилиси кьалэхэм, Косовэ Республикэм, Тунисым, нэгъуэщI щыпIэхэми зэрыщыIар. Зауэ, гуэвжгъуэ зи нэгу щIэжа цIыхухэр щыпсэу щIыпIэхэр кьыщIыхьахар абы-хэм я гукъеуэр зымащIэжIэ нэхъ мыхъуми макъамэжIэ ящхьэщыхьынырщ, гъуазджэм зи гъащIэр езыпха щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ я Iэзэгъым хэзыгъэхъуэн дерсхэм щIэгъэдэIуныкрщ.

Ватуля Виталий МГИМО-м и Музыкэ колледжыр екъулIэныгъэкIэ кьиухащ. 2004 гъэм «Классическое наследие» зэгуэхэныгъэм и стипендиат хьуащ. «Евроокрестрэя» (Франджы, 2005 гъэ), «Славянская весна» (Прагэ, 2006 гъэ), «Примавера классика», «Возрождение» (Москва, 2007 гъэ), «Форум классики» (Москва, 2008 гъэ), «SaxArte» (Италие, 2010 гъэ), «Река талантов» (Санкт-Петербург», 2010 гъэ) фестивалхэм хэтащ. Франджым, Италием, Чехием, Украинэм, Урысейм щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат хьуащ. МузыкэмкIэ Урысей Академиер Виталий кьиухащ 2011 гъэм. Ар концертхэм жыджэру хэтщ, Урысейм и симфоние оркестр цIэрыIуэхэм я гъусэу. 2005 гъэ Iьандэрэ ныбжьыщIэхэр саксофоным хурегъаджэ. И гъэсэнхэм яхэтщ дунейпсо зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ я лауреат хьуахэр. Виталий и яп дискыр 2007 гъэм кьыдэкIащ. Абы егъэзащIэ классикэ, иджыпст, джаз макъамэхэр.

Пианистхэр Немцовэ Марие макъамэм яп лъэбакъуэ щыхичар «Радость» студиеращ. ИужькIэ музыкэ школым щIэтIысхьащ. Абы здыщеджэм, концертхэм хэтыну ирагъэблагъэрт. Ильэс 13 хьууэ щIэтIысхьащ Москва дэт Къарал консерваторэм и музыкэ училищэм, Слесарев Юрий и гъэсэну щытащ. 2002 гъэм Серебряков Павел и цIэкIэ Волгоград щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм и саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ. Училищэ нэужьым Немцовэр щIэтIысхьащ Чайковскэм и цIэр зезыхьэ консерваторэм (Москва). Урысейм, Германием, Австриеми, Великобританиеми, Польшэм, США-м, Италием концертхэр щитащ, дунейпсо макъамэ фестивалхэми я лауреатщ. Консерваторэр екъулIэныгъэкIэ кьиухуа нэужь, Немцовэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Великобританиеми, итIанэ Италием кIуащ. 2009 гъэм Италием, Австриеми щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат хьуащ.

Немцовэ Марие ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым щита дерсыр фортепианэм хуеджэ студентхэм дежкIэ куэду щхьэпэщ. Марие кьыхигъэщащ фортепианэм хуеджэ студентхэм эфIэкI хьарзынэхэр кьыхэзэрагъэлъэгъуар, я Iэзагъэм дяпэкIи хагъахьуэмэ эзэригуапэр.

Немцовэ Мариерэ Ватуля Виталийрэ институтым пшыхьэщхьэм щата концертыр кьрихьэлIахэм гукъинэж ящыхьащ. Пианинэмрэ саксофонымрэ фIыуэ зыIыгъуэхэм я пшыхьым кьарита дрэзжэгъуэр зэхащIыкIа, ирагъэкIуэтэжыгъуейр. Абы щагъэзэщIащ Рамо Жан Филипп, Рахманинов Сергей, Скрябин Александр, Лигети Дьёрдь, Декрюк Фернанд, Санкан Пьер, Мийо Дариюс, нэгъуэщIхэми я макъамэхэр.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

Пшыхьым кьрихьэлIахэр.

Сыжажэ Альберт и цIэр фIащащ

Зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда, мелицэм и полковник Сыжажэ Альберт и цIэр фIащащ ПсыкIэхъу кьуажэм дэт курыт еджапIэм. Абы теухуа Iуэхугъуэм хэтащ къарал кIуэцI Iуэхуэхэмкl э министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.

КъБР-м щыIэ МВД-м уголовнэ къэлыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и унафощIым и кьуэдзэ Сыжажэ Альберт 2011 гъэм мэкъауэгъуэм и 22-м и жэщым бзаджащIэхэр Iэщэкl э кьыщытеуам, Бахьсэн кьалэм щыхэкIуэдащ.

Абы и фэеплъым пщIэ хуащIу зэхьыхьэм кьрихьэлIащ Альберт и Iыхьлыхэр, благъэхэр, кьыдэлжьахэр, кьуажэгъуэхэр.

- Нобэ дэ кьызэIудох ди ныбжьхэгъум и фэеплъ пхьэбгъур. Абы кьулыкъу хуищIащ и Хэкум, и республикэм щыпсэуэхэм я мамырыгъэр ихьумащ. Дэщапхьэ ятетхэм хуейщ апхуэдэ офицерхэм, ипэжыпIэкIэ ахэращ кьэралыр эзтэгьы Iыгъэр, - яжриащ кьызэхуэсахэм Васильевым икIи Альберт и анэ Женя, абы и егъэджакIуэхэм апхуэдэ цIыху нэс зэрагъэсам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

ПсыкIэхъу кьуажэм дэт курыт еджапIэм и щыхьэпIэм мемориал пхьэбгъур кьыщызэIуахащ министр Васильев Сергейрэ Альберт и кьуэш Сыжажэ Ахьмэдрэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl э министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iнатl э.

● Щэнхабзэ

Iэщlагъэр лей хъуркъым

ИгъащIэ лъандэрэ кьыдэкIуэкI Iэщlагъэ дахэхэм ящыщщ арджэн щIыныр. Мы Iуэху мытынышм и щахур зыхъумэфауэ нобэ щыIэр цIыху закъуэтIакъуэщ. Абыхэм хабжэ Мэзло Руслан.

КУЭД щыгъуазэщ Мэзлом и Iэдакъэщ IэкI телъыджэхэр Москва кьалэм, Дагъыстэным, хамэ къэралхэм зэрыщагъэлъэгъуэрэ икIи, гулыпэ хэха кьыззэрыщыхуащIам.

Абы и зи чэзу выставкэр мы махуэхэм ШэпIэным щокIуэкI. Зыкъом щIауэ шэпIэнхэр лъаIуэрт и арджэнхэр ишэу я щIыпIэм щигъэлъэгъуэну. Мэзлом ахэр игъэщIэхъуакъым, икIи Iэмал иджыт щигъуэтари, гъэлъэгъуэныгъэр кьызэIуихащ. Абы цIыху куэд къокIуалIэ.

Выставкэм арджэну 30-м нэс щагъэлъагъуэ. Лъэжьыгъэхэр жанр зэхуэмыдэхэм иту IэщlагъэлIым зэригъэзэщIам ахэр нэхъри щIэщыгъуэ пщещI.

ШэпIэным иригъэшахэм яхэтщ ди щIыпIэм эзи щимыгъэлъэгъуа лэжьыгъэпIэхэри. «Иджыпрей интерьерхэм сыт и лъэныкъуэкIи хэзагъэ арджэн лIэужьыгъуэхэм иужьрей зэманым нэхъ селэжьащ. Гу зэрылъыстамкIэ, абыхэм цIыхухэр иджыпстукIэ нэхъ дахьэх», - жеIэ IэщlагъэлIым.

Нобэ Мэзлор дэзыхьэх Iуэхум и мыхьэнэуэ ибжыр лъэпкъ тхыдэм и зы Iыхьэу кьалъытэ Iэпщlэлъапщlагъэр хъума зэрыхъуамрэ ар бэм Iэщlыб зэрамыщIымрэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Щэнхабзэ

Гупыр зэкъуэзыгъэуэ джэгукIэхэр

● Зэпеуэхэр

«Урысей зэкъуэтым и щIэблэ» зэгухэныгъэмрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къзбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ зыкъзэрагъэпэщауэ пейнтболымкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм командир хэтащ.

ХЭКУМ и хъумакIуэм и махуэм ирагъэхьэлIа зэпеуэм кьекIуэлIащ Бахьсэн, Прохладнэ, Май, Тэрч, Щэджэм куейхэм кьикIуэу щIэщыгъуэ гуэрхэм, гъащIэм плъыфэу иIэр зыхащIэну хуопIащIэ, ахэращ абыхэм дерс яхуэхъури. Сэ сызэреплъымкIэ, апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм ди щIалэгъуалэр Iуэхуфlхэм трагъэгушхуэ», - кьыхигъэщащ и псалъэхэм «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ исполкомым и унафэщI **Канунников Татьянэ.**

КьызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, пейнтболыр джэгукIэ хьэлэмэт къудей мыхъуу, спорт лIэужьыр гъэщI, уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгузыужьу зэрыбгъэкIуэнщ. Джэгум Iэмалыфl къуэт уи Iэпкъльэпкъыр зэщIэбгъэкIыну, уи зэманыр сэбэп пытIу бгъэкIуэну, уи узынщагъэр ебгъэфIэкIуэну. Гуп-гупу загуэшауэ зэхьэзэхуэм хэтхэр, сыт хуэдэ лъэпкъым кьыхэкIми, зэроцIыку, нэхъ зэпэгъуэнэгъу мэхъу.

«Пейнтболыр сыт щыгъуи набдзэгубдзаплIэу ущызыгъэт джэгукIэщ, гупыр зэкъуэзыгъэувэщ, ар Iэмалыфlщ ди щIалэгъуалэр гъэсэныкIи», - жиIащ «Урысей зэкъуэтым и щIэблэ» - системэ зэхэдзахэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ-лэжьакIуэ пажэ - 1 Iнатl э.

ПсыкIэхъу къуажэм дэт курыт еджапIэм и щыхьэпIэм мемориал пхьэбгъур кьыщызэIуахащ министр Васильев Сергейрэ Альберт и кьуэш Сыжажэ Ахьмэдрэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкl э министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Iнатl э.

Зэхьэзэхуэм хэта щIалэхэр.

зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэ **ХьэIупщы Исмэхьил**.

Зэхьэзэхуэм щидзэным и пэ кьихуэу абы хэтыныхэр джэгукIэм щыгъуазэ ящIри, абы кьиригъуэ хабзэм тету, щыгъынхэмрэ щхьэр удыным щызыхъумэ пыIэхэмрэ кьратащ. Зэпеуэр судьяхэм ткIийуэ ирагъэкIуэкIащ.

Кьыхэгъэщым хуейщ, дунейр щIыIэ зэрыхъуам емылъытауэ, зэпеуэм хэтхэр къэмыIэнджэжу текIуэныгъэм зэрыхуеIар. Дэтхэнэри текIуэныгъэр зыIэригъэхьэну щIэхъуэпсыпрт, джэгуным зэрыщIадзэу нэхъ ерыщыж хъурт. Я Iэзагъэмрэ лъэкIыныгъэмрэ кьагъэпылъагъуэу, псынщIэу, зыхэт гупым текIуэныгъэр кьыхуахьын папщIэ я кьару щымысхьыжу джэгурт щIалэгъуалэр. Дауи, зэIущIэр гъэщIэгъуэну, нэгузыужьу екIуэкIащ, уеблэмэ зэманыр апхуэдизкIэ псынщIэу кIуати, абы хэтхэм къамыщIэурэ, зэхьэзэхуэр и кIэм нэблэгъащ.

Ялэ увыпIэр зэпеуэм кьыщахьащ Бахьсэн кьалэм къикIа гупым. ЕтIуанэр - «Урысей зэкъуэтым и щIэблэ» зэгухьэныгъэм (ахэр зи лIыкIуэр Налшык кьалэрат). Ещанэ увыпIэр зэдагъэшащ Тэрч куейм ирО Прохладнэ кьалэмрэ кьикIахэм. Абыхэм псоми щIыхь тхыльхэр иратащ, ауэ езы зэхьэзэхуэм хэтахэм зэрыжаIащи, псом нэхъэ нэхъ саугъэт льапIэу щытар мы Iуэху нэгузыужьым хэтыну Iэмал зэраларщ.

ДЖЭДГЪЭФ Татьянэ.

Дахагъэр зи IэрыкI

«Заповедная Кабардино-Балкария» фIэщыгъэ иIэу иджыблагъэ Лъэпкъ музейм (Налшык кьалэ) гъэлъагъуэныгъэ хьэлэмэт кьыщызэIуахащ. Сурэттех Щоджэн Жаннэ ди щIыпIэм и дахагъэр кьызэригъэлъагъуэ сурэтхэм ящыщу 100-м щIигъу щызэхуэхьэсащ абы.

ЖАННЭ цIыху емызэщыжщ, хахуагъэ зыхэльщ хужьпIэныр егъэлеякъым, сурэтхэм я нэхъыбэр щытриха щIыпIэхэм зэрыщызекIуэгъуейр, зэрышынагъуэр кьэпIыгъэмэ.

Зи Iэщlагъэр фIыуэ зыльагъу, куууэ абы хэзыщIыкI бзыльхъугъэр щолажьэ Котлярович Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм. Льэпкъым и фIыгъуэр хъума хъун, ди республикэр куэдым кьацIыхун папщIэ абыхэм зэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. Мы тхылъ тедзапIэм кьыдигъэкI тхылъхэмрэ альбомхэмрэ купщIафIэщ, льэпкъым и тхыдэр, хабзэр, щанхабзэр кьыщыгъэльэгъуащ.

Щоджэн Жаннэ игъэлагъуэ сурэт псоми сфIэгъэщIэгъэну сакъыбгъэдэувыIэурэ сеплъащ. Iуащхьэмахуэ «кьызыхуеплъых» ди бгы уардэхэр, абыхэм кьащхьэщыт уафэ кьащхьэр, щIылъэ щхьэантIэр, ауэхэр, щылэ хъару кьыр задэхэм теубгъуа псыкъелъэхэр, уда гъэгъа хьэлэмэтхэр... нэр пIэпщзымых яхэткъым.

ГукъэкIыж кууэм сыхащащ шы дахэхэр зэрыт сурэтхэм. Цыхум дэIепыкъуэгъуи ныбжьэгъуи хуэхуу а пэ-ущхьэр сэ фIыуэ щыслъэгъуар зэманкIэ кьыскъуэщIэжьыркъым, апхуэдизкIэ куэд щIащи. Къэжэр Индрис и «ПыIэ гъуабжэ плъыфэ» уэрэдыр пшынэжIэ еуэу си анэм щыжиIарат е колхозэр щызэхагъэхьам щыгъуэ зэхалъхьа уэрэдыр щызэхэсарауэ пIэрэт? «КIэфо ЖэбрэIилым шыгъуэ кIэху зэрехуэ, сомищэ кIэхум фещэурэ, колхоз фыхъуащ», - мы сатырхэр си гум кьридзэжащ дакъикъэкIэ. Хьэмэ, си анэ дэлъху Рэмэзан иIа шыраруэ пIэрэт?. А шыр Iэсэт, сыщыщIыкIурати, абы и лъабжьэм сыщIэжу сыджэгурт, зэи кьызэхьэуакъым, ебламэ абы сыщытрагъэтIысхьаи кьэхъущ. Си сабиигъуэм щыщ Iыхьэ гуэр, мащIэми, сигу кьэзыгъэкIыжа сурэтхэр зи Iэдакъэщ IэкI Жаннэ соихуэжу гъащIэ дахэ яIэму, и гукъэдэжьыр мыкIуэщIу псэуну.

КIЭФО Сталинэт.

Iулъхьэ къыIихыу яубыдащ

УРЫСЕЙМ ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м шынагъуэншагъэмкIэ и кьудамэмрэ я лэжьакIуэхэм Iулъхьэ кьыщыIихым яубыдащ 1978 гъэм кьалъхуа, Урысейм и МВД-м и Iуэхущапlэу КъБР-м и Май районым щыIэм и дознаватель нэхъыжьу лажьэ щIыхор.

Милицэм и майорым Аруан районым щыпсэу, илъэс 22-рэ зи ныбжь щIыхум сом мин 60 Iулъхьэу пиубыдащ, абы хэзгъэзауэ кьызэIуаха уголовнэ Iуэхур зэхуищIыжьын папщIэ.

Хабзэм и хъумакIуэр езым и автомашинэм ису Iулъхьэ кьыщыIихым Май кьалэм и Iэщэльащэм щаубыдащ. Абы дамыгъэр зытрадза тхылъымпIэ ахьшэхэр кьыкъуахащ. Iуэхур зэхагъэкI.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапl э.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Жэуапым зэрырашэлIэным яужь итщ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экстремизмэм пэщIэтыныгъэкIэ и центрым ирегъэкIуэкI бзаджащIэ гупым зыщIэзыгъакъуэхэр кьхуэтэным икIи уголовнэ жэуапым ешэлIэным хуэуэнэтIа Iуэхугъуэхэр.

1979 гъэм кьалъхуа бахьсэнэдзыр иджыблагъэ яубыдащ, сом мин 30 цIыхубзым залымыгъэкIэ кьыщыIихым. Ахьшэр Iэщэкl э зэщIэуэзда бзаджащIэ гупым хэтхэм трагъэкIуэдэну арат.

Уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Яубыдар КъБР-м и щыналъэм щалэжьа нэгъэущI щIэпхьаджагъэхэм пыщIамэ зэхэгъэкI.

Ерыскъыхэкlкlэ ядэIэпыкъуэгъ

Iуащхьэмахуэ куейм хыхьэ Былым кьуажэм и Былым щыпсэу зэрамдзкIым тет уней льапсэр кьыщащым РГД-5 гранатэ, ЗУРГМ-2 Iэмэпсымэ кьагъуэтащ.

УНЭР зэ, 1988 гъэм кьалъхуа бысымыр кьыщащым пIатIрони 6-кIэ уэзда Iэрыщ кIэрахъуэ кьагъуэтащ. УФ-м и УПК-м и 91-нэ статьым ипкъ иткIэ ар яубыдри, полицэм яшащ.

Хабзэхъумэхэм зэраубзыхуамкIэ, 2011 гъэм щIэщIэзэуэ ерыскъыхэкIэр къэщхьэхуныкIэ ар дэIэпыкъурт 1973 гъэм кьалъхуа, бзаджащIэ гупым зэрыхэтым щхьэкIэ къэралым кьыщалъхьуэм.

А махуэ дыдэм «Бахьсэн - Азау» федеральнэ автомобиль гъэзэжьыным кIэлитеритым деж бжьамийм кьыщагъуэтащ ерыскъыхэкIэмрэ хущхьэхэкIэхэмрэ я гъэтIылъыпIэ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Лэжьапlэ ягъэувынухэр къыхах

● Гу зылъытапхъэ

Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущапlэм - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къзбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым зэпеуэ ирегъэкIуэкI мы кьыкIэлъыкIуэ Iнатl эм игъэувынухэр кьыхихьи папщIэ:

- системэ зэхэдзахэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ-лэжьакIуэ пажэ - 1 Iнатl э.

Зэпеуэм щытекIуэахэм зэгуфыIуэныгъэ иращIылIэри, лэжьапlэ ягъэув.

Ди хэщIапIэр: 360000, КъБР, Налшык кьалэ, Шортэным и уэрам, 89 а.

Телефонхэр: 42-64-17, 42-66-61.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур гъатхэнэм и 2-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьыл секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщlэныдж Замир э, Хьэжыкъар э Алик, Щхьэцэмыщ I Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, егъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкl э - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIыхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядлгъжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъ зыгъэгъахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырщ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ нодзт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къзбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №И-0065-м щIэту ягъаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыгъэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 4, 6-нэ нап.)*, ПхытIыкI Аэзмэт *(2, 3, 5-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIепыкъуэгъу Мырзэкьан ФатIимэ. *Компьютерхэм газетым и теплъэр яригъаIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елъытыгъэ* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iнатl эм щагъэхьхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155 ● Заказ №544